

Kisa paran dwe konnen sou Viris D68 (EV-D68)

Chak ane, plis pase mil timoun nan peyi Etazini afekte avèk viris ki ka koze moun touse, estène epi gen lafyèv. Ane sa, viris ki koze plis problèm respirasyon nan timoun nan tout peyi a se viris yo rele D68 (EV-D68). Pran prekosyon pou timoun ou yo pa afekte ak EV-D68 epi pase'l bay lòt moun.

Ou jwenn enfeksyon viris plis nan peyi Etazini plis nan moman ete ak otòn. Ane sa, kòmanse nan mitan mwa Out, eta yo kòmanse wè plis timoun nan lopital ak gwo problèm respirasyon EV-D68 koze. Depi lè sa, CDC ak eta yo te kòmanse fè plis tès epi yo jwenn EV-D68 fè moun malad nan prèske tout eta yo. Pifò moun malad yo se timoun. EV-D68 pa nouvo, men nou pat wè'l souvan kònsa nan tan pase yo. Malgre gen plis enfeksyon EV-D68 ane sa, CDC panse lap vin mwens nan fen otòn.

Timoun yo gen plis risk pou EV-D68

Timoun piti ak adolesan gen plis risk pase granmoun pou enfekte ak EV-D68. Se paske yo pat èkspoze ak kalite viris sa yo avan, epi yo poko gen iminite (pwoteksyon) pou yo goumen ak maladi sa yo. Si ou gen yon timoun ki fè opresyon, li ka genyen plis risk pou li gen problèm respiratwa EV-D68 koze.

Konnen siy ak sentòm EV-D68

EV-D68 kapab lakòz maladi respiratwa ki pa bay gwo pwoblèm epi ki grav tou.

- Sentòm ki pa grav ka gen ladan yo lafyèv, nen kap koule larim, estène, tous ak kò fè mal.
- Sentòm grav yo ka gen ladan yo souf anlè ak difikilte pou respire.

Rele doktè pitit ou an si li gen difikilte pou respire, si ou santi ou pa ka kontwole sentòm yo, oubyen si sentòm yovin pi mal. Si pitit ou an devlope maladi grav, li kapab bezwen entène lopital.



Lave men kòrèkteman se bagay ki pi enpòtan ou ka fè yo pou rete an sante.

Ede **pitit ou** pou'l
Pa Pran **epi Bay**
Lòt Moun **VIRIS**
D68 lan

Swiv etap sa yo pou pwoteje pitit ou kont EV-D68 ak lòt viris.



Timoun ki gen opresyon gen plis risk pou devlope sentòm grav viris EV-D68 koze.

Ede pwoteje fanmi ou kont EV-D68

Pou ede evite pran ak gaye EV-D68, paran yo ak timoun yo ta dwe toujou swiv etap debaz pou rete an sante.

- Lave men souvan ak savon ak dlo pou 20 segond. Lave men kòrèkteman se bagay ki pi enpòtan ou ka fè yo pou rete an sante. Gade [Lave men: Men pwòp sove lavi](#).
- Evite touche je, nen ak bouch ou si men'w sal.
- Evite kontak tankou bo, akolad, ak pataje gode ak asyèt ak moun ki malad.
- Itilize yon mouchwa/papye lè wap estène ak touse. Pa itilize men'w.
- Netwaye epi dezenfekte sifas yo manyen souvan, tankou jwèt ak manch pòt, espesyalman si gen yon moun ki malad.
- Rete lakay lè ou malad epi pa voye timoun ki malad lekòl.

Tretman pou EV-D68

Pa gen tretman ki espesifik pou EV-D68. Pale ak doktè pitit ou an sou fason ou ka pi byen kontwole sentòm li yo.

Si timoun ou an fè opresyon

Timoun ki gen opresyon gen plis risk pou devlope sentòm grav viris EV-D68 koze. Se poutèt sa ou dwe pran etap pou prepare si timoun nan ta rive afekte ak viris D68. CDC rekòmande pou'w fè bagay sa yo pou'w ka kontwole opresyon pitit ou an pandan moman enfeksyon an:

- Pale ak doktè timoun nan pou fè plan pou kontwole opresyon an.
- Asire'w timoun nan pran medikaman pou opresyon an byen, espesyalman medikaman alontèm.
- Asire'w timoun nan toujou gen medikaman pou opresyon an avèk li.
- Mennen timoun nan pran vaksen pou grip, grip ak lòt enfeksyon respiratwa ka fè opresyon vini, Gade [Vaksinasyon: Ki moun ki dwe fè'l, Ki moun ki pa dwe fè'l ak ki moun ki dwe pran prekosyon](#).
- Si timoun ou devlope nouvo sentòm oubyen sentòm ki vin pi grav, swiv etap pa etap pou byen kontwole opresyon timoun nan. Si sentòm yo pa ale, rele doktè timoun nan byen vit.
- Asire'w ki moun kap bay swen ak/oubyen pwofesè yo konnen kondisyon timoun nan, epi yo konnen ki jan pou yo ede'w si timoun nan gen ninpòt sentòm ki gen rapò ak opresyon.

- Rele doktè timoun nan si li gen difikilte respire, si'w santi ou pa ka kontwole sentòm yo, oubyen si sentòm yo vin pi mal.

Plis enfòmasyon

- Li plis sou viris [D68](#) la.
- Apran sou [Enterovirus D68 in the United States, 2014](#) epi kisa CDC ap fè kont sa.
- [Enprime] Pran yon bwochi sou kòman kou ka evite bay lòt moun [viris D68](#) lan.
- Gade [CDC Asthma](#) pou plis enfòmasyon sou opresyon ak kòman pou'w pwoteje pitit ou an.